

3 janvye 2022

Chè fanmi,

Nou swete ou te pase yon bèl fèt epi ou te kapab pase tan avèk moun ou renmen. Pandan n ap akeyi elèv nou yo ankò nan salklas nou yo apre bèl vakans ivè byen merite sa a, sante ak sekirite elèv, fanmi, ak manm estaf nou yo kontinye rete pi gwo priyorite nou. Pou fè sa, n ap pran lòt mezi sante ak sekirite anplis pou asire elèv ak estaf yo ansekirite epi pou lekòl nou yo kontinye rete ouvri.

Nou fè mizajou pi ba yo nan kolaborasyon avèk Vil nou an ak kòlèg sante piblik eta a epi yo baze sou gid federal ak syantifik.

### **Kit tès adomisil**

- Apati 3 janvye, lekòl yo pral distribiye kit tès rapid COVID-19 pou fè lakay ba **nenpòt elèv oswa estaf ki gen sentòm ki sanble avèk sentòm COVID oswa ki te nan yon salklas kote yo te idantifye yon ka pozitif.**
- Si pitit ou a te **ekspoze** avèk COVID-19 nan lekòl la, tanpri ede pitit ou a pran premye tès la jou li resevwa kit tès adomisil la, epi ede pitit ou a pran dezyèm tès la senk jou apre li te fin ekspoze a oswa dèke li kòmanse gen sentòm .
  - Pitit ou a ka kontinye ale lekòl depi rezilta tès li yo negatif epi li pa santi okenn sentòm COVID-19.
  - Si pitit ou a gen sentòm tankou COVID oswa li santi l malad avan senkyèm jou a, tanpri fè pitit ou a izole l ak pran tès adomisil la imedyatman.
  - Si pitit ou a teste pozitif nan tou de tès adomisil yo, pitit ou a dwe izole pou 10 jou apre premye rezilta pozitif la. Tanpri kontakte lekòl pitit ou a imedyatman pou mete yo okouran ak pou jwenn plis konsèy.
- Si pitit ou a te **gen sentòm** COVID-19 nan lekòl la, tanpri ede pitit ou pran premye tès la **imedyatman** epi ede pitit ou a pran dezyèm tès la nan **24 èdtan apre**.
  - Pitit ou a pa ka ale lekòl jiskaske rezilta tès yo negatif pou tou de tès adomisil sa yo l ap fè nan espas 24 èdtan youn ak lòt, epi li pa gen lafyèv pou 24 èdtan san li pa itilize okenn medikaman pou desann lafyèv la OSWA si pitit ou a resevwa yon rezilta tès negatif nan yon tès PCR COVID.
  - Si pitit ou a teste pozitif nan tou de tès adomisil yo, pitit ou a dwe izole pou 10 jou apre premye rezilta pozitif la. Tanpri kontakte lekòl pitit ou ye a imedyatman epi rapòte rezilta tès yo.
- Nenpòt elèv ki teste pozitif nan yon tès adomisil ta dwe imedyatman rapòte sa nan lekòl la epi kòmanse izole tèt li. Elèv ki teste pozitif dwe izole tèt yo pou 10 jou epi yo ka retounen lekòl sou 11yèm jou a. Yo pa egzije tès negatif pou retounen lekòl.
- Kòm yon rapèl, tout elèv, estaf ak vizitè dwe pase evalyatè sante (health screener) DOE a pou yo ka rantr nan bilding lekòl yo. Y ap ajoute lòt kesyon nan health screener yo pou elèv ak estaf sa yo ki resevwa kit tès rapid adomisil la, pou pataje rezilta negatif yo. Yo pa egzije okenn lòt tès negatif pou elèv sa yo rantr nan bilding lekòl la.

### **Nouvo règleman pou karantèn**

Objektif nou se asire elèv yo rete nan lekòl ansekirite toutotan posib epi nou revize règleman nou yo pou asire nou satisfè objektif sa a. Sa vle di si gen yon ka pozitif nan yon salklas:

- Pou elèv ki nan kindergarten jiska klas 12yèm ane, elèv ki pa vaksinen oswa ki poko vaksinen konplètman ki te ankontak pwòch avèk yon ka pozitif, pa dwe ale nan karantèn ankò epi li pral kontinye

ale lekòl si li pa gen sentòm epi li pa gen yon rezilta tès COVID ki pozitif. Olyesa, tout elèv ak adilt ki nan salklas sa a pral resevwa yon kit tès rapid pou yo fè tès lakay yo epi fè de tès nan senk jou.

- Pou elèv ki nan 3-K ak Pre-K, regleman karantèn lan pral rete menmjan an, sa vle di tout elèv 3-K oswa pre-K ki te pre yon ka pozitif pral gen pou toujou ale nan karantèn pou 10 jou.

### **Plis tès siveyans nan lekòl**

Pou asire plis sekirite elèv, fanmi ak estaf nou yo, pwogram tès siveyans nan lekòl la ap ogmante pou double kantite moun ki teste nan chak lekòl, ladan elèv ki vaksinen ak elèv ki pa vaksinen, nan klas 1<sup>ye</sup> ane ak klas ki pi wo yo. Pwogram siveyans oaza nan lekòl la ap kontinye bay ekspè sante piblik yo enfòmasyon presi sou pousantaj COVID-19 nan lekòl yo. Nou ankouraje tout fanmi ki poko bay konsantman yo, kit timoun yo vaksinen, kit yo pa vaksinen, pou bay konsantman yo pou tès nan lekòl la atravè kont lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account) yo a ([schoolsaccount.nyc](https://schoolsaccount.nyc.gov)) oswa voye yon fòm sou papye ki siyen nan lekòl la. Ou ka jwenn lòt enfòmasyon sou tès pou elèv ak vèsyon enprime fòm konsantman an nan plizyè lang sou sitwèb Depatman Edikasyon (DOE) a: [schools.nyc.gov/covidtesting](https://schools.nyc.gov/covidtesting)

Tès enpòtan anpil pou lekòl yo rete ouvri ak pou kominote yo rete ansekirite. Nou remèsye tout fanmi ki deja bay konsantman yo pou fè tès, ak pou kowoperasyon yo pou patisipe nan pwogram tès nan lekòl nou an.


### **Lokal Tès COVID-19**

- Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) kontinye ouvri nouvo lokal pou tès atravè senk borough yo. Nou ankouraje anpil pou tout elèv fè tès COVID-19, atravè yon tès rapid laboratwa PCR, oswa yon kit tès adomisil konstaman, kèlkeswa kondisyon vaksinasyon yo. Pou jwenn yon lis lokal pou fè tès, ladan lokal ki gen tès rapid pou fè lakay ou, rele nan 212-COVID19, ale sou [nyc.gov/covidtest](https://nyc.gov/covidtest), voye yon tèks ak mo "COVID TEST" nan 855-48, oswa rele 311 pou jwenn yon lokal tès bò lakay ou.
- Anplis, plizyè famasi ak klinik doktè ap ofri tès COVID-19. Tanpri kontakte klinik pedyat ou a oswa famasi ki bò lakay ou a pou wè si w ka pran randevou pou fè yon tès.

Nou konnen pa gen anyen ki pi enpòtan pou ou pase kenbe pitit ou nan lekòl, aprann nan anviwònman san danje ak ki gen sekirite. Chanjman nou anonse jodi a gen objektif pou kenbe elèv nan salklas nou yo avèk mwens kantite deranjman posib, pandan n ap mete sekirite nan premye plan.

N ap kontinye fè chanjman pandan sitiyasyon an ap chanje epi tande kòmantè w sou regleman ak pwosedi sa yo nou revize yo. Mèsi davans poutèt ou asoye avèk nou pou kenbe timoun ak estaf nou yo ansekirite nan lekòl.

Nan kolaborasyon,



David C. Banks  
Chanselye Lekòl Vil Nouyòk